

## Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York

### Pwogram Siksè Paran: Travay

#### Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

Pou paran ki gen yon dèt sipò timoun pèmanan pou Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (New York City Department of Social Services, NYC DSS), Pwogram Siksè Paran Biwo Sèvis Sipò Timoun NYC la ka ede w redwi dèt sa a jiska \$7,500 lè w swiv yon pwogram trètman dwòg oswa sèvis travay ki kalifye.

Poukisa nou ofri pwogram sa a? Biwo Sèvis Sipò Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) konprann gwo montan dèt ka rann li pi difisil pou paran yo amelyore pwòp lavi yo epi sipòte pitit yo.

Rekipere aprè abi dwòg? Aprann kòman swiv yon pwogram trètman dwòg ka ede w plis redwi dèt DSS ou. Gade bwochi **“Pwogram Siksè Paran: FAQ sou Trètman Dwòg”** pou plis detay.

#### Kòman Mwen ka konnen si Mwen gen yon dèt sipò timoun ki pèmanan?

Pwogram Siksè Paran an ka redwi dèt pèmanan, ou dwe NYC DSS la, sa ki rive lè ou pa totalman peye sipò timoun pandan timoun ou an ap resevwa avantaj asistans lajan kach. Pou konnen si ou gen yon dèt pou Depatman Sèvis Sosyal NYC:

- Vizite Sant Sèvis Kliyan San Randevou Administrasyon Resouzimèn (Human Resources Administration, HRA) Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS) nan, pwogramme yon reyinyon vityèl, oswa ale nan yon biwo OCSS nan Tribunal Fanmi an. Mande pou egzamine dosye ou a avèk yon responsab dosye sipò timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://on.nyc.gov/contactocss>; oswa
- Mande pwogram travay ou a si yo gen yon Apèsi Sipò Timoun. Si yo genyen, ou ka ba yo pèmisyon pou yo egzamine dosye sipò timoun ou an. Yo ka di ou si ou gen dèt pou DSS ak konbyen ou dwe. Dèt DSS ou dwe yon lòt konte oswa eta pa enkli nan pwogram sa a.

#### Kisa Mwen dwe fè?

Ou dwe patisipe nan yon pwogram travay DSS kalifye tankou Pwogram Sipò Paran, Jobs-Plus, oswa yon pwogram patnè fòmasyon travay OCSS. Pwogram travay DSS kalifye yo enkli tou sila yo pwogram Asistans Lajan Kach oswa Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ka refere w yo. Aprè ou enskri nan yon pwogram travay DSS kalifye, ou dwe jwenn yon travay epi rapòte li bay pwogram travay ou a. Aprèsa anplwayè w la dwe peye sipò timoun ou an pandan omwen 90 jou atravè yon Lòd pou Kenbe Revni (Income Withholding Order, IWO). IWO a pral endike anplwayè w la konbyen lajan pou li retire nan salè ou pou sipò timoun. Anplwayè a pral voye lajan an bay OCSS.

### **Èske Mwen dwe voye prèv ki montre anplwayè mwen an te fè pèman IWO nan non mwen?**

Non. Ou pa bezwen voye prèv ki montre anplwayè ou a te fè pèman IWO. OCSS kenbe yon dosye pèman nou resevwa nan men anplwayè w la.

### **Aprè Mwen fin fè 90 jou pèman sipò timoun yo, konbyen tan sa pral pran pou dèt sipò timoun mwen an redwi?**

Li ka pran jiska uit (8) semèn. Aprè founisè travay ou a rapòte novo travay ou a bay OCSS, OCSS pral gade si ou dwe NYC DSS aryere epi si nou te resevwa pèman nan men anplwayè w la pandan omwen 90 jou. Yon fwa ou kalifye, OCSS pral retire jiska \$7,500 aryere DSS nan kont sipò timoun ou an. N ap voye yon lèt ba ou atravè lapòs ki konfime montan rediksyon dèt NYC DSS ou a.

### **Pandan Mwen enskri nan yon pwogram travay, èske yo ka pran mezi aplikasyon lalwa kont mwen si mwen pa peye sipò timoun mwen?**

Wi. Nou pral kontinye ak tout mezi pou mete lalwa an aplikasyon.

### **Èske Mwen oblige gen yon dèt \$7,500 oswa plis?**

Non, ou pa oblige gen yon dèt \$7,500. OCSS pral redwi montan dèt DSS ou a jiska \$7,500.

### **Èske Mwen ka enskri nan Pwogram Siksè Paran an plis pase yon fwa?**

Wi, ou ka enskri plis pase yon fwa. Si w gen plis dèt DSS epi w jwenn yon novo travay aprè w fin enskri ankò nan yon pwogram travay DSS kalifye, ou ka kalifye tou pou yon lòt rediksyon. Sepandan, montan maksimòm total dèt ki ka redwi pou patisipasyon nan yon pwogram travay DSS kalifye se \$7,500.

### **Si Mwen peye sipò timoun, èske mwen ka gen vizit?**

Nan Vil New York, de tribunal diferan pran desizyon sou lòd sipò timoun ak dwa vizit. Si ou bezwen enfòmasyon oswa èd konsènan dwa ou pou vizite timoun ou, rele Family Legal Care nan (212) 343-1122 oswa vizite [familylegalcare.org/helpline](http://familylegalcare.org/helpline).

### **Mwen gen lòt kesyon. Kisa m dwe fè?**

Poze pwogram travay DSS oswa pwogram trètman dwòg ou a kesyon konsènan "Pwogram Siksè Paran" OCSS la oswa kontakte OCSS atravè imèl, an pèsòn ,oswa atravè lapòs. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://on.nyc.gov/contactocss>.

### **Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?**

Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou w konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou jwenn lòt sèvis nan HRA a? **Nou kapab ede w.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou ka mande èd tou lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou w mande tip èd sa a selon Lalwa.